



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN FAZ XIII NAN KAD INISYATIV KONSÈY  
DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA**

***Aplikasyon finansman konsolide Eta New York la kounye a [ouvri](#) ak finansman ki disponib ki soti nan 30 pwogram***

***Konsèy yo pral mete ajou plan estratejik yo pou reflekte fòs ak priyorite rejyonal yo***

***Nouvo Konpetisyon an pral bay twa rejyon 10 milyon dola yo chak pou mete an aplikasyon solisyon kreyatif pou defi yo nan tout eta a***

***Nouvo pwogram mikwo yo pral bay sibvansyon kapital bay fabrikan bwason atizanal yo ak òganizasyon san bi likratif yo***

Gouvènè Hochul te anonse jodi a lansman Faz XIII nan kad Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la. Faz XIII la gen ladan sibvansyon debaz kapital ak finansman kredi enpo konbine avèk yon gran varyete pwogram ki soti nan 10 ajans Eta a, ki gen ladan 150 milyon dola nan fon sibvansyon ki soti nan men Empire State Development, ki disponib pou pwojè yo sou yon baz kontinyèl. Yo ankouraje Konsèy yo pou sipòte pwojè ki avanse oswa adrese priyorite estratejik Eta yo - ki gen ladan bilding vèt ak devlopman dirab, gadri, kominote ki gen pwoblèm yo, ak patenarya piblik-privé inovan; pwojè sa yo, yo pral elijib pou plis finansman prim. Nouvo ane sa a, de nouvo pwogram mikwo pral bay sibvansyon kapital pou sipòte fabrikan bwason atizanal Eta New York yo ak òganizasyon san bi lokratif yo, epi yon nouvo konpetisyon defi 30 milyon dola pral bay jiska twa rejyon 10 milyon dola pou aplike solisyon kreyatif pou atake baryè ki pèsistan nan kwasans ekonomik. Epitou, pou premye fwa depi 2015, Konsèy yo pral gen pou yo mete ajou plan devlopman ekonomik rejyonal estratejik pa yo.

"Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nou an ap kontinye transfòme kominote yo atravè eta a, pou kreye travay epi ankouraje investisman prive toupato nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lanse dènye faz sa a apiye sou efò eta a pou adrese priyorite ekonomik ki pi ijan nou yo -- soti nan devlopman dirab rive nan demann k ap grandi pou gadri - tout pandan y ap ekipe kominote yo pou yo pwofite fòs rejyonal yo. Gras a travay REDC yo, New York ap kontinye fè envèstisman katalizè ki ankouraje kwasans ekonomik ak siksè kontinyèl nan chak kwen nan eta nou an."

"Mwen fyè pou m dirije pwochen faz inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la epi pou m gide konsèy la sou yon chemen ki pral re-etabli priyorite chak rejyon yo pou kwasans", **Gouvènè Adjwen an Antonio Delgado te deklare.** "Atravè kowòdinasyon ak kolaborasyon, nou pral idantifye opòtinite pou avanse endistri kle yo, avanse pwojè ki satisfè bezwen rejyonal yo ak amelyore vizyon ekonomik chak rejyon pou lavni an."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Pandan ke Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la te yon modèl siksè pou kwasans ekonomik nan Eta New York, sou direksyon Gouvènè Hochul, nou te resevwa misyon pou amelyore ak ranfòse pwogram kle ki pral ogmante anpil siksè nou yo. Chak rejyon pral mete ajou plan estratejik pa yo pou re-etabli priyorite yo pou kwasans, kontinye gide deplwaman resous yo, epi kreye yon plan aktyalize pou chak rejyon reyalize vizyon ekonomik li pou lavni."

### **Mizajou Pwosesis Planifikasyon Estratejik Rejyonal la**

10 REDC yo gide pa plan devlopman ekonomik rejyonal estratejik pa yo, ki mete aksan sou avantaj inik chak rejyon epi ki bay estrateji pou pwofite resous lokal yo pou estimile devlopman ekonomik rejyonal yo ak kreye travay nan tout Eta a. Ane sa a, Konsèy Rejyonal yo pral revize ak mete ajou plan yo pou re-etabli priyorite chak rejyon yo pou kwasans, gide deplwaman resous yo, epi kreye yon plan aktyalize pou reyalize vizyon ekonomik li.

Kòm yon pati nan plan estratejik aktyalize a, Konsèy yo pral gen devwa pou analize defi espesifik kwasans ekonomik yo. Chak REDC pral devlope yon pwopozisyon ki dekri solisyon kreyatif ak inovan pou adrese yon defi espesifik yo chwazi. Eta a pral revize pwopozisyon sa yo epi yo pral bay jiska twa pwopozisyon ki genyen yo jiska 10 milyon dola finansman pou aplike solisyon yo pwopoze yo.

### **Aplikasyon pou Finansman Konsolide**

Konsèy Rejyonal yo pral bay pwojè yo soumèt atravè Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application, CFA) nòt, ki se sèl aplikasyon Eta a pou resous Eta a yo epi ki gen ladan pwogram plizyè ajans. Li fèt pou bay aplikan pwojè yo aksè akselere ak senplifye ak yon seri fon sibvansyon ak kredi enpo konbine ki soti nan plizyè douzèn pwogram ki egziste deja. Ane sa a, finansman disponib nan 10 ajans Eta atravè 30 pwogram. Konsèy Rejyonal yo pral revize pwojè yo epi yo bay nòt ki reflekte nan ki jan yon pwojè ka an akò ak objektif ak estrateji yon rejyon.

Nan faz XIII, ESD ap lanse de nouvo pwogram mikwo sibvansyon: Pwogram Mikwo Sibvansyon pou Bwason Atizanal la ak Pwogram Sibvansyon Kapital pou Òganizasyon san Bi Likratif yo. Jiska 5 milyon dola ap disponib atravè Pwogram Mikwo Sibvansyon pou Bwason Atizanal la, ki fèt pou ogmante kapasite pwodiksyon, enfrastrikti biznis ak rentabilize biznis ki gen lisans pou pwodui diven, byè, alkòl, sid di ak idwomèl nan Eta New York. Sibvansyon yo varye ant 25,000 dola jiska 50,000 dola ta sipòte acha ekipman ak amelyorasyon enstalasyon yo.

Jiska 5 milyon dola ap disponib atravè pwogram Sibvansyon Kapital pou Òganizasyon san Bi Likratif yo, ki pral bay sibvansyon fon korespondans bay òganizasyon san bi likratif yo ki bay avantaj ekonomik ak kominotè nan rejyon pa yo pou ede ak amelyorasyon ak mizajou enstalasyon yo. Prim sibvansyon yo varye ant 25,000 jiska 100,000 dola.

Manyèl 2023 REDC a ak yon lis resous adisyonèl ki disponib pou Manm REDC yo aksesib [isit la](#). CFA a disponib [isit la](#); dat limit pou aplikasyon yo se vandredi 28 jiyè a 4 p.m. Pwogram enskripsyon ouvè yo pa sijè a dat limit 28 jiyè a epi yo pral kontinye aksepte aplikasyon yo sou yon baz kontinyèl jiskaske finansman yo epuize.

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Jiska prezan, atravè Inisyativ REDC a, yo te bay plis pase 7.7 milya dola pou plis pase 9,500 pwojè kreyasyon travay ak devlopman kominotè ki konsistan avèk plan estratejik chak rejyon.

### **Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide**

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Aprann plis sou CFA [isit la](#).

### **Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo**

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantral yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York investi nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch asandant, ki baze sou kominote, epi kreye yon pwosesis konpetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou [regionalcouncils.ny.gov](http://regionalcouncils.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)